

## Gid pou Kalifye pou Asistans Ekonomik

Baptist Health gade sitiyaşyon ekonomik ou pou deside si ou satisfè kondisyon gid pou asistans ekonomik la oswa swen ak rabè a. Nou gade revni fanmi ou, kantite moun ki nan fanmi ou, ak lòt resous tankou ekonomi oswa envèstisman. Nou itilize enfòmasyon ou ba nou avèk Gid Federal Povrete a pou detemine kalifikasyon pou asistans ekonomik.

## Règleman pou Asistans Ekonomik ak Rabè Finansye

Nan Baptist Health, nou sansib a bezwen pasyan ki pa kwè si yo kapab peye pou swen yo bezwen Nan angajman toutan nou pran pou sante kominotè, se politik nou pou ede pasyan nou yo konprann resous finansye yo ki ka disponib pou ede yo.

Baptist Health ofri:

- **Èd** pou pasyan yo aplike pou pwogram gouvènman tankou Medicaid ak lòt pwogram leta ak pwogram lokal yo.
- **Asistans Ekonomik oswa Swen ak Rabè** pou pasyan ki pa gen okenn asirans ki satisfè gid yo. Sèvis medikal ki nesèsè yo bay nan Lopital nou yo kouvri nan Politik Asistans Ekonomik nou an (FAP). Tout lòt sèvis medikal yo pa kalifye pou asistans finansye.
- **Plan peman fleksib** ki baze sou sitiyaşyon ekonomik pasyan an ak kantite lajan total ki dwe. Objektif nou se ede pasyan yo peye bòdwo yo nan yon fason ki jis ki baze sou sikonstans (sitiyaşyon) yo.
- **Referans** nan pwogram yo pou swen medikal, si pasyan yo pa kalifye pou asistans ekonomik.

Yap mande w pou w ranpli yon fòm senp epi konfime revni fanmi ou ak byen yo. Rezime sa a, FAP a, ak fòm aplikasyon yo disponib sou sit entènèt nou an nan [www.baptistjax.com/fap](http://www.baptistjax.com/fap) ak nan Biwo Kesye Egzeyat kesye la ki nan chak lopital nou yo. Ou ka jwenn kopi gratis FAP a ak fòm aplikasyon yo lè ou rele Biwo Asistans Ekonomik Pasyan yo nan 904.202.2092, opsyon 1. Ou ka ekri tou: Atansyon: Reprèzantan (Defansè) Asistans Ekonomik, P.O. Box 45094, Jacksonville, FL 32232.

Si ou gen kesyon oswa pou chèche konnen si ou satisfè kondisyon gid yo pou asistan la, tanpri pale ak youn nan Reprèzantan (Defansè) Ekonomi Pasyan nou an an pèsòn oswa nan telefòn kote nou ekri anba la a.









Lopital	Telefòn	Adrès
Sant Medikal Batis Jacksonville	904.202.2092	800 Prudential Dr., Jacksonville, FL 32207
Sant Medikal Batis Beaches	904.627.1898	1350 13th Ave. South, Jacksonville Beach, FL 32250
Sant Medikal Batis Nassau	904.321.3919	1250 South 18th St., Fernandina Beach, FL 32034
Sant Medikal Batis Sid	904.271.6885	14550 Old St. Augustine Rd., Jacksonville, FL 32258
Lopital Pou Timoun Wolfson	904.202.2092	800 Prudential Dr., Jacksonville, FL 32207



*Se misyon Baptist Health pou ofri sèvis swen sante ki aksesib, bon jan kalite sèvis sante nan yon pri rezonab nan yon atmosfè ki ankouraje respè ak konpasyon.*

## Gid pou Kalifye pou swen gratis

Pou detèmine si ou kalifye pou asistans ekonomik, nou konsidere konbyen lajan fanmi ou resevwa chak ane, konbyen moun ki nan fanmi ou, ak ki kalite lòt resous finansye kay ou a ka genyen ("byen ki pa deklare"). Nou konpare enfòmasyon ou ba nou an ak Gid Federal Povrete aktyèl la (FPG). Tablo anba a se gid jeneral la:

<b>Kantite moun ki nan kay la</b>	<b>Swen san peye nèt ( swen gratis) ka disponib si revni anyèl fanmi ou se:</b>	<b>Swen san peye an pati ( swen gratis) ka disponib si revni anyèl fanmi ou se:</b>
	<i>Pi ba pase 200% FPG 2019 la (Gid Federal 2018 la pou Povrete)</i>	<i>200% jiska 400% FPG 2019 la (Gid Federal pou Povrete oswa Nivo Ekonomik)</i>
	Mwens pase \$24,280	\$24,280 jiska \$48,560
	Mwens pase \$32,920	\$32,920 jiska \$65,840
	Mwens pase \$41,560	\$41,560 jiska \$83,120
	Mwens pase \$50,200	\$50,200 jiska \$100,400
	Mwens pase \$58,840	\$58,840 jiska \$117,680
	Mwens pase \$67,480	\$67,480 jiska \$134,960
	Mwens pase \$76,120	\$76,120 jiska \$152,240
	Mwens pase \$84,760	\$84,760 jiska \$169,520
Plis pase 8 moun nan kay la	Ajoute \$4,320 pou chak moun anplis	

Si ou panse ou kalifye pou asistans ekonomik oswa rabè finansye, nou ankouraje w pou pale ak youn nan reprezantan (defansè) finansye pasyan nou yo pou fè aranjman pou yon evalyasyon finansye. Ale na page en pou kontak enfòmasyon pou chak lokasyon.



*Se misyon Baptist Health pou ofri sèvis swen sante ki aksesib, bon jan kalitesèvis swen sante nan yon pri rezonab nan yon atmosfè ki ankouraje respè ak konpasyon.*